

10 septanm 2026

Chè fanmi:

Nou kontan wè w ankò! Mwen kontan anpil pou nou kòmanse ane lekòl 2026-2027 la ansanm.

Premye jou lekòl la se youn nan moman mwen pi renmen nan ane a; li pote anpil posiblite ak nouvo kòmansman. Kit se timoun kindergarten ou an ap pote gwo sakado li nan klas la pou premye fwa avèk fyete, yon elèv lekòl presegondè k ap eseye nouvo konbinezon kazye li, oswa yon elèv lekòl segondè k ap pran dènye foto premye jou li ak zanmi li, mwen espere fanmi ou santi menm sans pwomès ak posiblite sa a.

Sa gen kèk tan m ap fè eksperyans premye jou kòm yon edikatè ak kòm yon paran. Nan chak nan wòl sa yo, mwen aprann mwen menm kantite konfyans fanmi nou yo mete nan Lekòl Leta Vil Nouyòk chak jou. Nou tout pataje menm espwa pou pitit nou yo: ke yo pral antre lekòl kote yo santi yo byen akeyi yo, sipòte yo, epi tou pare pou aprann. Nan premye "premye jou" mwen kòm Chanselye, angajman mwen se fè eksperyans sa a yon reyalyte pou chak timoun nan chak lekòl.

Depi mwen pran wòl sa a, mwen te gen privilèj pou m koute plizyè santèn elèv, fanmi, edikatè, ak manm kominote nan tout senk borough yo. Konvèsasyon mwen avèk nou tout te gide priyorite mwen pou ane k ap vini an: pou kreye lekòl ki an sekirite, ki solid akademikman, epi ki vrèman entegre. Andotrètem, nou vle asire chak elèv santi yon sans apatenans epi li gen sipò li bezwen pou atenn tout potansyèl li nan yon anviwònman aprantisaj solid, ki bay kilti li konsiderasyon.

Pandan n ap kòmanse nouvo ane lekòl la, tanpri konnen nou la pou reponn kesyon ou genyen ak pou ba ou nenpòt sipò ou ka bezwen. Kowòdonatè paran, direktè, pwofesè, ak estaf lekòl la la pou ede w nan chak etap. Lekòl nou yo akeyi tout elèv, epi nou vle chak fanmi konnen yo gen plas yo la a.

Mwen swete oumenm ak fanmi ou yon bèl ane aprantisaj ak pwogrè. Mwen vle kontinye kominike avèk nou tout, epi mwen pa ka tann pou wè tout sa n ap akonpli ansanm ane lekòl sa a.

Nan kolaborasyon,



Kamari H. Huels
Chanselye